

# **CERITA JAMAN REFORMASI SAJRONE CERBUNG NGUDANG ESEME REMBULAN ANGGITANE ESMIET LAN NOVEL 1998 ANGGITANE RATNA INDRASWARI IBRAHIM**

**Fitra Wahyu Cahyanti**

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[wahyu.fitra@yahoo.co.id](mailto:wahyu.fitra@yahoo.co.id)

**Dr. Darni, M.Hum**

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

## **Abstrak**

Cerita ngenani jaman reformasi kagolong cerita kang wigati lan mirunggan amarga nduweni sesambungan sejarah Indonesia. Amarga wigatine kahanan ing jaman reformasi nyebabake tuwuhe karya sastra Indonesia lan uga ing sastra Jawa kang ngrembug babagan kasebut. Ing sastra Jawa, Esmiet ngrembug ngenani cerita jaman reformasi lumantar cerbung *Ngudang Esem Rembulan (NER)*. Dene ing sastra Indonesia uga ora keri, Ratna Indraswari Ibrahim novel kanthi irah-irahan 1998. Rong karya sastra iki padha-padha ngrembug ngenani kahanane era reformasi nanging kaloro karya sastra iki nuduhake ciri khas dhewe-dhewe anggone nyritakake. Mula saka kuwi, rong crita iki bakal diteliti nggunakake tintingan sastra bandhingan. Panliten iki nduweni tujuan kanggo nggoleki wujud bandhingan gegambarane cerita jaman reformasi sajrone cerbung *Ngudang Esem Rembulan* anggitane Esmiet lan novel 1998 anggitane Ratna Indraswari Ibrahim kang gegayutan karo unsur *tekstual* lan *pengaruh*. Panliten kang nggunakake tintingan sastra bandhingan iki mujudake panliten kualitatif deskriptif. Asiling panliten nuduhake antarane *NER* lan 1998 nduweni sesambungan antarane siji lan sijine. Sing mbedakake rong karya sastra iki yaiku saka aspek *tekstual* lan aspek *pengaruh*.

## **Abstrak**

Cerita tentang jaman reformasi termasuk cerita yang penting karena mempunyai hubungan dengan sejarah bangsa Indonesia. Karena begitu pentingnya keadaan jaman reformasi, menyebabkan munculnya karya sastra Indonesia dan juga sastra Jawa yang membahas tentang hal tersebut. Di dalam sastra Jawa, Esmiet membahas tentang cerita pada jaman reformasi melalui cerbung *Ngudang Esem Rembulan (NER)*. Pada sastra Indonesia juga tak mau kalah, Ratna Indraswari Ibrahim menciptakan novel dengan judul 1998. Kedua karya sastra ini sama-sama membahas tentang jaman reformasi tetapi kedua karya sastra ini menunjukkan ciri khas dari masing-masing. Berangkat dari situ kedua cerita ini bakal dikupas dengan menggunakan tintingan sastra bandingan. Penelitian ini bertujuan untuk mengetahui perbandingan gambaran cerita jaman reformasi dalam cerbung *Ngudang Esem Rembulan* karya Esmiet lan novel 1998 karya Ratna Indraswari Ibrahim yang berhubungan dengan unsur *tekstual* dan *pengaruh*. Penelitian yang menggunakan tintingan sastra bandingan ini merupakan penelitian kualitatif deskriptif. Hasil penelitian menunjukkan antara *NER* dan 1998 mempunyai hubungan antara satu dengan yang lain. Yang membedakan kedua karya sastra ini adalah dari aspek *tekstual* dan *pengaruh*.

## **PURWAKA**

Sastra gegayutan karo panguripan bebrayan. Amarga saka kuwi karya sastra kang tuwuh uga ngrembug perkara-perkara panguripan kang ana ing bebrayan. Apa kang ana ing bebrayan dilebokake sajroning karya sastra kang nglairake karya kasebut. Babagan iki mratandhani yen karya sastra bisa dadi kaca benggala kasunyatan kang sabanjure bisa dadi gambaran masyarakat babagan kahanan ing sakupenge. Sastra nadyan ana ing ngendi lan kapan wae ora bakal bisa uwal saka masyarakat, amarga ana warna-warna, wujud lan

sajroning watesan wektu tartamtu, sastra uga mujudake kabutuhan urip manungsa. Sastra uga bisa digunakake kanggo ngandharake maksud tartamtu, lan karya sastra iku bakal akeh ana gandheng cenenge karo kahanan panguripan (Hutomo, 1993:293). Babagan iki memper karo panemune Wellek lan Werren (1990:119) kang ngandharake yen sastra nggambarake lan ekspresi panguripan, nadyan ta ora kabeh. Mula sastra anggone ngandharake panguripan ora oncat saka prekarane manungsa.

Sastra kuwi ora karipta saka samubarang sing kosong. Pengarang ing sajrone ngripta karya sastra mesthi antuk pangaribawa saka apa kang ana ing sakupenge, kayata masyarakat, kabudayan, lan basa. Apa kang dadi tulisane, pancen saka imajinasi pikiran pengarang, nanging mesthi oleh pangaribawa saka kahanan lingkungane pengarang kuwi urip. Senajan mangkono, ora banjur pangaribawa saka lingkungan kuwi sinebut kabeh sajrone karya sastra. Karya sastra minangka teks dibangun saka teks liyane (Endraswara, 2008:131). Dadi saben karya sastra kuwi ora bisa ucul saka pangaribawaning karya sastra liya. Anane sesambungan antarane kenyataan lan karya sastra dudu sawijining masalah sing aneh, nanging pancen akeh karya sastra sing mijil ana ing donya iki, lair saka daya pangaribawaning urip bebrayan ana ing masyarakat. Akeh masalah kang timbul lan diadhepi dening masyarakat sawijining papan panggonan memper karo masalah kang diadhepi dening manungsa sing manggon papan panggonan liya. Kanggo tuladha yaiku panganggone basa. Kadhang kala basa sing dienggo dening manungsa ing sawijining dhaerah saemper karo basa kang dienggo dening manungsa ing negara liya.

Antarane karya siji lan sijine bisa memper, senajan beda pengarang lan papan asale. Kahanan iki ora disebabake saka papan panggonan ing ngendi sing luwih dhisik ngripta karya sastra. Anane tema, gaya utawa bentuk sing memper ana ing karya sastra loro bisa wae disebabake dening karya sastra siji sing awèh pangaribawa marang karya sastra sijine, nanging ora banjur sing kedadeyan mesthi kaya mangkene. Metune karya sastra sing memper iki uga bisa bebarengan utawa beda wektune. Saka kene bisa dimengerteni kena ngapa ana rong karya sastra saka papan panggonan kang beda nanging memper. Emper-saemper iki kang dadi bahan kanggo kajian sastra bandhingan. Iki selaras karo andharane Hutomo (1993:9) menawa sastra bandhingan kuwi studi bandhingan kanthi cara sistematis saka rong negara utawa luwih.

Babagan cerita jaman reformasi iki narik kawigaten panliti kanggo ngoceki samubarang kang kedadeyan nalikane Indonesia dipimpin dening Presiden Suharto awit taun 1967 nganti tekan taun 1998. Masiya cerita kasebut wis ora akeh dirembug ing jaman saiki, nanging kedadeyan kasebut wigati banget tumrap rakyat Indonesia. Lumantar nggunakake sastra bandhingan, cerita jaman reformasi bakal dionceki kanthi cetha. Kahanan apa wae sing kedadeyan nalika jaman reformasi biyen bakal dirembug ing panliten iki. Lumantar nggunakake sastra bandhingan, bakal diweruhi anane unsur pambada saka rong karya sastra kasebut.

Tulisan iki kepengin mbandhingake cerita jaman reformasi antarane cerbung *Ngudang Esemé Rembulan (NER)* anggitané Esmiet lan novel 1998 anggitané Ratna Indraswari Ibrahim kanthi nggunakake unsur *tekstual* lan *pengaruh*. Alasan milih rong karya sastra ing kajian sastra bandhingan, yaiku (1) antarane *NER* lan 1998 akeh bab kang sing beda senajan nduweni tema kang padha (2) cerbung *NER* menèhi daya pangaribawa tumrap laire novel 1998.

Panliten iki dipunjerake ing sesambungan antarane siji lan sijine saka karya sastra kasebut, senajan basa kang digunakake beda, basa Indonesia lan basa Jawa. Siji lan sijine padha ngupaya supaya cerita jaman reformasi iki bisa ditampa dening masyarakat. Mula panliten iki njupuk irah-irahan Cerita Jaman Reformasi sajrone cerbung *NER* lan novel 1998 kanthi tintingan Sastra Bandhingan.

Jaman Reformasi minangka salah sawijining jaman ing ngendi tatanan urip manungsa sing lawas diowahi sadi tatanan urip sing anyar sajrone bidhang sosial, politik, utawa agama tumrap masyarakat. Reformasi kang kedadeyan ing taun 1998 iki minangka dalan tumuju Indonesia sing anyar kang nduweni tatanan urip sing anyar uga.

Kawiwitan saka *Orde Baru* sing bisa ngentas rakyat mlarat lumantar *Pembangunan Lima Tahun (Pelita)* (Novanto, 1997:XXXII). Lumantar pembangunan sing antuk kapercayan saka njaba lan njero negri kuwi, sithik mbaka sithik rakyat sing nandang kasengsaran bisa dientas, sithik mbaka sithik utang bangsa Indonesia menyang bangsa liya bisa lunas. Ing antarane negeri-negeri sing nduweni akeh pendhudhuk lan sugih lenga, ora ana pamarentahan sing kasil kanthi ekonomi sing apik kajaba *Orde Baru* sing dipimpin dening Soeharto (Novanto, 1997:XXXIX). Mula saka kuwi Presiden Suharto diangkat dadi “Bapak Pembangunan”.

Pembangunan sing dianggep bisa mbrantas sekabehane perkara kuwi, pranyata asile ora rata. Ora kabeh rakyat sing mlarat dientas. Ana rasa iri antarane rakyat sing isih mlarat tumrap rakyat sing kasil dientas. Rakyat mangerteni yen kahanan kasebut disebabake dening cara-cara mrentah negara sing ora becik. Akeh para panguwasa sing nindakake korupsi, kolusi, lan nepotisme (KKN). Protes saka rakyat kerep dilakoni, nanging Pemerintah Orde Baru kaya-kaya ora nggubris lan ngrungokake apa sing dadi panjaluke rakyat. Malah masyarakat sing ora nyarujuki apa kang dadi keputusane Pemerintah diarani minangka PKI.

Endraswara (2008:138) ngandharake yen studi bandhingan bisa dianakake ana lingkup utawa wilayah tartamtu thok, kayata antarane sastra Jawa karo sastra

Indonesia. Dene miturut panemune Damono (2005:1; 2009:1), weneh andharan yen sastra bandhingan yaiku pendekatan ing ngelmu sastra kang ora bisa ngasilake teori dhewe. Samubarang teori bisa digawe ana ing kajian bandhingan sastra miturut objek lan tujuwane. Sajerone langkah-langkah kang dilakoni, metode bandhingan dadi bab kang utama.

Wellek lan Warren sajrone Endraswara (2011:108) nyebutake yen ana telung teges ngenani sastra bandhingan : kapisan yaiku panliten sastra lisan, utamane tema crita rakyat lan pangrembakane, kaloro yaiku panliten ngenani sesambungan antarane loro utawa luwih karya sastra sing dadi objek panliten kang nengenake ngenani daya pangaribawa lan anjane karya sastra, katelu panliten sastra sajrone sastra dunia, sastra umum, lan sastra nasional.

Dhasar njupuk panliten iki nggunakake tintingan sastra bandhingan yaiku perangan nomer loro. Panliten iki mujudake panliten ngenani sesambungane antarane rong karya sastra kang arupa daya pangaribawa. Rong karya sastra sing diteliti iki weneh daya pangaribawa antarane siji lan sijine.

Saliyane adhedhasar kuwi mau, sejatine ana maneh dhasar njupuk cerbung *NER* lan novel 1998 sajroning panliten kang nggunakake tintingan sastra bandhingan yaiku andharan saka Hutomo (1993:11-12), lelandhesane sastra bandhingan kaperang dadi telu, yaiku :

- 1) Afinitas  
Tembung afinitas asale saka basa Latin *ad* sing tegese *dekat* lan tembung *finis* sing tegese wates. Dadi afinitas sajrone sastra bandhingan tegese unsur-unsur kang nduweni gandheng ceneng utawa gegayutan karo unsur intrinsik karya sastra, tuladhane kaya unsur struktur, gaya, tema, swasana, lan liya-liyane sing didadekake sumber kanggo nulis karya sastra.
- 2) Tradisi  
Unsur tradisi iki gegayutan karo kesejarahan ngripta karya sastra lan gegayutan karo wektu panulisan sawijining karya sastra. Karya sastra sing lair luwih dhisik dianggep dadi sumber utama. Saka karya sumber iki bakal nuwuhake karya sastra liya-liyane.
- 3) Pengaruh  
Unsur pengaruh iki gegayutan karo pengaruhe unsur-unsur karya sastra kanthi saperangan utawa sekabehane. Lumantar pengaruh iki, bisa ndadekake anane transformasi, adaptasi, saduran, lan terjemahan.

Saka telung perangan ing ndhuwur, bisa didudut yen perangan nomer telu yaiku *pengaruh* uga mujudake dhasar njupuk cerbung *NER* lan novel 1998 sajroning panliten sastra bandhingan. Alesane yaiku saka kaloro karya sastra iki bisa diteliti nggunakake unsur pengaruh. Pengaruh sing dimaksud yaiku, cerbung *NER* weneh daya pangaribawa tumrap laire novel 1998.

## METODHE

Panliten kanthi irah-irahan Cerita Jaman Reformasi sajrone cerbung *NER* anggitane Esmiet lan Novel 1998 anggitane Ratna Indraswari Ibrahim, iki nggunakake metodhe deskriptif kualitatif. Panliten kualitatif yaiku panliten kang nggunakake ancangan naturalistik kanggo nggoleki sawenehing informasi ngenani kedadeyan-kedadeyan ing bebrayan (Moloeng, 2006:5). Metodhe kualitatif ana sing nduweni sipat deskriptif utawa diarani metodhe kualitatif deskriptif sing tegese dhata sing dianalisis lan asil analisis awujud fenomena, ora arupa angka-angka utawa koefisien sing gegayutan karo variabel (Aminudin, 1990:15). Tujuwan nganggo panliten deskriptif yaiku mujudake sawijinig deskripsi gegambaran kanthi sistematis, nyata lan akurat ngenani fakta-fakta, sipat sarta gegayutan karo perangan kang aneh kang uga ditindingi. Mula saka kuwi, panliten iki nggunakake metode dheskriptif kualitatif ateges nggunakake cara-cara penafsiran kang nyuguhake kanthi cara dheskriptif kang adhedhasar kanyatan kanthi nggunakake basa kanggo mangsuli prakara kang diteliti. Saliyane kuwi panliten iki uga nggunakake metode *komparatif*, kanthi mbandhingake rong karya sastra kang awujud cerbung lan novel.

Sumber dhata yaiku punjere dhata panliten. Kanggo nggampangake idhentifikasi, mula sumber dhata diperang dadi telu, yaiku :

- 1) Person utawa paraga
- 2) Place utawa papan
- 3) Paper utawa kertas

Sumber dhata sajroning panliten iki kalebu kang nomer telu yaiku “paper” utawa kertas. Sumber dhata kang digunakake awujud novel sing cacah ana loro. Sing sepisan arupa cerbung sing irah-irahane *Ngudang Esem Rembulan* reriptane Esmiet kanthi nggunakake basa Jawa sing kapacak ana ing kalawarti *Panjebar Semangat*. Dene novel sing kaloro yaiku reriptane Ratna Indraswari Ibrahim kanthi irah-irahan 1998 kanthi nggunakake basa Indonesia sing diterbitake dening PT Gramedia Pustaka Utama.

Ing sajroning tintingan sastra dibutuhake tata cara analisis sing bener lan pener supaya wekasane apa kang



dadi tujuwan panlitene bisa kagayuh. Analisis dhata ing kene nggunakake teknik analisis konten (*content analysis*). Analisis konten dhewe sejatine minangka teknik sing nduweni orientasi kualitatif, ukuran kabakuan, ditrepake marang satuwan-satuwan tartamtu, cara iki biyasane kanggo nggoleki karakter dhokumen-dhokumen utawa mbandhingake.

## ANDHARAN

Perangan kang bakal dirembug yaiku ngenani bedane cerita jaman reformasi ana ing rong karya sastra. Karya sepisan yaiku cerbung *NER* anggitane Esmiet kang nggunakake basa jawa lan novel *1998* anggitane Ratna Indraswari Ibrahim kang nggunakake basa Indonesia. Kaloro karya sastra iki padha ngrembug ngenani cerita bangsa Indonesia ing jaman reformasi, nanging rong karya sastra iki yen dideleng beda anggone nyritakake. Perangan kang bakal dirembug yaiku (1) gegambarane cerita jaman reformasi ing cerbung *NER*, (2) gegambarane cerita jaman reformasi ing novel *1998*, lan (3) wujud bandhingan gegambarane cerita jaman reformasi sajrone cerbung *NER* lan novel *1998* kang gegayutan karo unsur *tekstual* lan *pengaruh*.

### 1) Gegambarane Cerita Jaman Reformasi sajrone Cerbung *NER*

Unsur sing paling anja sajrone cerbung iki yaiku kedadeyan sing dialami dening etnis Tionghoa sing manggon ana ing tlatah Jakarta. Wong Tionghoa nduweni kalungguhan kang asor banget ing jaman kuwi. Wong Tionghoa dianggep minangka pawongan kang ngrayah bandhane negara liwat pemimpin-pemimpin kang korupsi.

### Kahanane Bangsa Indonesia

Bangsa Indonesia minangka salah sawijining bangsa sing wis mardika nalika taun 1945. Kamardikan kuwi asil saka rakyat Indonesia perang ngurbanake jiwa lan ragane nglawan bangsa penjajah. Sasuwene telung abad setengah, bangsa Indonesia dijajah dening bangsa Walanda, Jepang, lan sapiturute. Lumantar pangurbanan saka rakyat Indonesia kang padha nyawiji kasebut, ndadekake bangsa Indonesia bisa uwal saka tangan para penjajah. Ananging ing taun 1998, kahanane bangsa Indonesia ruwet banget. Masyarakat utamane para mahasiswa kang demo nuntut supaya Presiden Suharto sing diangkat minangka "*Bapak Pembangunan*" amarga sasuwene njabat dadi Presiden bisa ngentas rakyat mlarat lumantar *Pembangunan Lima Tahun (Pelita)* lengser saka jabatane (Novanto, 1997:XXXII).

Sabanjure kuwi kahanane rakyat Indonesia mrehatenake banget. Ing taun 1997, Indonesia ngalami

krisis ekonomi, rega-rega wiwit larang saengga rakyat Indonesia ora kuwat kanggo tuku samubarang kabutuhan urip saben dina, akeh kantor-kantor sing kepeksa nindakake PHK marang pegawene (Novanto, 1997:XLVII).. Kahanan Indonesia tansaya ala amarga regane dhuwit rupiah tumrap rega dolar mudhun anjlog. Kedadeyan kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki :

... Ngesemi jagad saisine, lan ngesemi Indonesia sing lagi ketaman krisis saka kurang becuse pemimpin ngatur Negara saisine ... (NER edisi 5, PS-31/1999)

Saka pethikan kasebut bisa didudut yen bangsa Indonesia lagi nandang krisis. Krisis sing dialami dening bangsa Indonesia kuwi minangka kurang pintere para pemimpin kang kalebu ing Pamarentahan *Orde Baru* sing kudune bisa weneh kamulyan marang rakyat kanthi rata. Pamarentah ora bisa ngatur rakyat saengga ndadekake bangsa Indonesia nandang krisis. Akeh kantor-kantor kang bangkrut banjur pegawene akeh sing kena PHK. Kahanan kasebut ndadekake bangsa Indonesia ruwet banget ing jaman semono.

Kahanan bangsa Indonesia ing taun 1998 utawa patang puluh telu taun sawise mardika ruwet banget. Kahanan sing kaya mangkono jalaran saka masyarakat Indonesia kang ora seneng maneh marang pemerintahane Presiden Suharto. Pemerintahan sing dipimpin dening pak Suharto dianggep nyengsarake masyarakat Indonesia. Akeh masyarakat sing wis sugih malah dadi sugih, sing mlarat uga malah dadi mlarat. Para pemimpin lan pejabat gedhe akeh sing mangan dhuwite rakyat. Kahanan sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki :

"Iki jaman Reformasi, Tun. Wis pantes lek cina-cina Jakarta dirayah. Lho wong wis rada suwe olehe ngrayah bandhane Negara liwat pemimpin-pemimpin kang korupsi" (NER edisi 4, PS-30/1999)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa didudut yen ing jaman reformasi biyen pemimpin-pemimpin ing Indonesia akeh sing nindakake korupsi, akeh sing mangan dhuwite lan ngrayah bandhane Negara. Kahanan sing kaya mangkono bisa nggawe sengsarane masyarakat Indonesia. Sing mlarat bisa tambah mlarat, nanging sing sugih bisa tambah sugih. Pemimpin-pemimpin kasebut akeh sing asale saka etnis Tionghoa. Mula saka alesan kasebut, massa sing nganakake demo njarah cina sugih sing manggon ana ing Glodok, Jakarta. Wijaya lan kulawargane uga kena jarahan amarga didakwa melu mangan dhuwite rakyat cilik. Banjur kulawargane Wijaya mlayu golek panggonan sing dianggep aman, yaiku ana ing kutha Kediri. Kutha Kediri minangka kutha asale

Muthun, bojone Wijaya. Ananging, dheweke ora ditampa kanthi apik dening wong tuwane Muthun. Alesan utamane yaiku ing jaman reformasi kaya mangkono, wis dadi nasibe yen rakyat Indonesia nesu marang wong Cina sing sugih. Wong tuwane Muthun nduwe anggepan yen Muthun lan kulawargane uga melu ngrasakake dhuwite rakyat.

### **Kasengsarane Etnis Tionghoa**

Akeh kedadeyan kang dumadi ing jaman reformasi, salah sawijine yaiku kasengsaran sing dialami dening masyarakat Indonesia amarga akeh wong nuntut supaya Presiden Suharto lengser saka jabatane. Salah sawijine sing ngrasakake kasengsaraan yaiku saka Etnis Tionghoa. Etnis Tionghoa minangka etnis kang asor ing jaman semono. Etnis Tionghoa kang urip ana ing Jakarta dianggep minangka wong sugih kang ngrayah bandhane Negara lumantar pemimpin kang mangan dhuwite rakyat.

Kulawargane Wie Sien Tak sing jeneng jawane Wijaya minangka tuladha pawongan Tionghoa kurban saka kerase jaman reformasi. Kulawargane Wijaya kudu ninggalake papan panggonane ing Glodok, Jakarta amarga omah lan tokone kena rayahan. Kahanan iki kagambarake ana ing cuplikan ing ngisor iki :

Bojone Wijaya nyelani gunem karo panggah ngelus-elus rambute anake wadon. Gagasan tumlawung adoh, kelingan lelakon dhek sore mau nalika tokone diobong massa sing njarah rayah barang darbeke lan ngrodha peksa Tan Lin Liang, keponakane sing kebeneran sambang menyang omahe. (NER edisi 1, PS-27/1999)

Saka pethikan kasebut bisa dimangerteni yen kulawargane Wijaya ngrasakake kasengsaran ing jaman reformasi biyen amarga polahe masyarakat sing nganakake rayahan marang wong Cina ing Jakarta. Masyarakat sing nganakake demo ing Jakarta tujuwane mung kepengin ngrusak wong Cina sing uripe sugih lan mulya. Etnis Tionghoa sing dianggep ngrayah bandhane Negara lumantar pejabat-pejabat kang asale uga saka etnis Tionghoa kang nindakake korupsi lan uga mangan dhuwite rakyat. Kamangka ora kabeh wong Cina ing Glodok kuwi tumut ngrasakake dhuwite rakyat cilik kaya apa sing dipikirake dening massa. Pejabat sing asale saka etnis Tionghoa ing antarane yaiku Sudono Salim, Hendra Raharja, lan liya-liyane. Masyarakat sing nesu kuwi ora trima mung ngrayah lan ngobong omah sarta tokone Wijaya, nanging uga ngrodha peksa salah sawijining keponakane kang kebeneran sambang menyang omahe. Omah, toko, lan bandha donyane Wijaya sing katon ambblas dadi sasaran masyarakat kang nesu.

Saka kedadeyan rayahan gedhen-gedhenan kuwi mau, Wijaya lan kulawargane bisa slamet amarga pitulungan saka sopire kang aran Warmo. Warmo, wong Jawa kang wis dhudha lan ngenger nalika telung tau ana ing omahe Wijaya. Kulawargane Wijaya banjur metu ninggalake kutha Jakarta sing nalika kuwi lagi geger banget, nanging ing njaba sadawane dalan uga akeh massa kang nindakake protes lumantar cara sing salah. Ing dalan-dalan, saben ana mobil sing liwat mesthi diendhegake saperlu ndeleng ing njerone ana sapa wae. Kahanan sing kaya mangkono mau, bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki :

“Bareng meh teka Jatinegara, Pak Warmo aba”

“Tacik karo Yuk Lik, ndhekema! Ing Jatinegara uga ana geni mangalad-alad”

Pethikan ing ndhuwur bisa dideleng yen etnis Tionghoa ngalami kasengsaran nalika jaman reformasi biyen. Ana ing ngendi wae panggonane akeh massa kang nindakake protes nuntut supaya Presiden Suharto lengser saka jabatane lan etnis Tionghoa sing dadi kurbane. Wijaya lan kulawargane ora bisa bebas metu saka Jakarta. Massa padha nyegati mobil-mobil sing liwat saperlu ndeleng pawongan sing ana ing sanjerone mobil. Yen ing njero mobil kuwi saka etnis Tionghoa tanpa ana wong Jawane, bakal dipateni dening massa. Kulawargane Wijaya slamet amarga ana pak Warmo kang nduweni kertu anggota informan. Wijaya lan anak bojone panggah kudu ngati-ati amarga rayahan marang etnis Tionghoa kuwi ditindakake meh kabeh massa ing dhaerah-dhaerah ing Indonesia.

### **Karusuhan**

Kedadeyan saliyan kang dumadi nalikane jaman reformasi yaiku karusuhan sing ditindakake dening masyarakat kang nuntut supaya Presiden Suharto lengser saka jabatane. Karusuhan ing cerbung *NER* iki nduweni sasaran yaiku etnis Tionghoa kang manggon ana ing Jakarta. Etnis Tionghoa bisa sugih lan urip mulya amarga ngrayah bandhane Negara lumantar pemimpin-pemimpin kang korupsi. Mula saka alesan kasebut ndadekake anane karusuhan ing ngendi-endi.

Protes sing ditindakake dening sekabehane masyarakat Indonesia nuntut supaya Presiden Suharto ninggalake jabatane sasuwene telung puluh taun luwih lan Pemerintahan *Orde Baru* dibubarake wae. Masyarakat padha nyuwarakake apa sing dadi panjaluke. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki :

“... Saka lesane wong-wong iku keprungu swara Suharto Mudhun! Suharto Mudhun! Lengser

Keprabon. Lengser Keprabon. Lengser!!” (NER edisi 5, PS-31/1999)

Saka pethikan kasebut bisa dimangerteni yen ana ing ngendi-endi wae akeh masyarakat kang nuntut supaya Presiden RI kasebut ninggalake kursine minangka pawongan kang wigati banget ing Indonesia. Saliyane kuwi, massa uga njaluk supaya Pemerintahan *Orde Baru* sing dipimpin dening Suharto dibubarake wae. Pemerintahan *Orde Baru* dianggep gagal nggawe kamulyaning masyarakat.

Protes utawa demo sing ditindakake massa utamane mahasiswa ora diurusi dening para pemimpin-pemimpin negara. Para massa banjur nesu banget lan nganakake karusuhan. Karusuhan sing ditindakake dening massa minangka wujud protes nuntut supaya Presiden lengser saka jabatane dadi wong nomer siji ing Indonesia lan nuntut supaya Pemerintahan *Orde Baru* dibubarake wae. Karusuhan kasebut dumadi ing pirang-pirang dhaerah ing Indonesia, tuladhane kaya ing Jakarta. Kahanan sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki :

Swara pating brengoke massa lan swara jemedhore bedhil mawali-wali ngiringake playune Panther kang disetiri dening sopir kendel dhasar sugih pengalaman, Pak Warmo. Jerit lan sambat, pasrah, njaluk ampun ... (NER edisi 1, PS-27/1999)

Saka pethikan ing ndhuwur nuduhake nalika jaman reformasi biyen kahanane kisruh gak karu-karuan. Kisruhe disebabake amarga ing ngendi-endi akeh massa kang nuntut supaya pemerintahane Presiden Suharto dibubari wae. Mobil panther sing ditumpaki dening Wijaya lan kulawargane mlayu ninggalake kutha Jakarta sing nalika kuwi kahanane kisruh banget. Kulawargane Wijaya nrabas pirang-pirang ewu massa kang nganakake demo gedhe-gedhenan. Ora trima mung brengok nyuwarakake apa kang dadi panjaluke, nanging uga nggunakake bedhil saengga ndadekake kahanan ing jaman semana dadi kisruh kabeh. Para masyarakat padha wedi ngawasi polah tingkahe massa kang ora sekarepe dhewe kuwi mau. Wijaya lan kulawargane uga ngrasa wedi amarga massa nguber wong-wong kang kagolong etnis Tionghoa, nanging dheweke beja nduwe sopir kang sugih pengalaman lan salah sawijine anggota informan kang bisa nylametake kulawargane Wijaya saka polah tingkahe massa.

### **Pelecehan tumrap Wanita Tionghoa**

Kedadayan sabanjure ing jaman reformasi yaiku pelecehan tumrap wanita saka etnis Tionghoa. Pelecehan tumrap wanita bisa dumadi amarga wanita dianggep minangka pawongan kang asor derajate. Apa maneh

wanita saka etnis Tionghoa. Para massa sing kadung kuciwa banget karo pemerintahane Presiden Suharto banjur nesu lan nindakake sekabehane protes kanggo mbubarake pemerintahan kasebut. Mula ora mung nganakake demo lan rayahan tumrap etnis Tionghoa, nanging uga nindakake pelecehan tumrap wanita Tionghoa.

Ana ing cerbung *NER*, pelecehan tumrap wanita uga kagolong kedadayan kang wigati ing jaman reformasi biyen. Pelecehan sing dimaksud yaiku pelecehan tumrap wanita saka etnis Tionghoa. Wanita Tionghoa ing cerbung *NER* iki uripe nelangsa amarga dadi kurbane para massa kang nindakake rayahan ing omah lan tokone. Kahanan sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki :

Bojone Wijaya nyelani gunem karo panggah ngelus-elus rambute anake wadon. Gagasane tumlawung adoh, kelingan lelakon dhek sore mau nalika tokone diobong massa sing njarah rayah barang darbeke lan ngrodha peksa Tan Lin Liang, keponakane sing kebeneran sambang menyang omahe, (NER edisi 1, PS-27/1999)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa didudut yen Tan Lin Liang, ponakane Wijaya ngalami pelecehan yaiku dirodha peksa dening para massa sing ngrayah tokone Wijaya. Tan Lin Liang ora bisa mlayu saka tangane para massa sing lagi nesu. Saliyane bandha donyane Wijaya sing ilang, barang wigati sing sasuwene iki dijaga dening Liang uga melu ilang. Tan Lin Liang ngrasakake sengsarane uripe nalika dolan ana ing omahe Wijaya ing Jakarta. Dheweke kudu melu ngrasakake nesune para massa sing ora sekarepe dhewe kuwi.

Pelecehan tumrap wanita Tionghoa ing cerbung *NER* ora dialami dening Tan Lin Liang wae, nanging uga dialami dening Wulanjati anake Wijaya. Wanita dianggep minangka pawongan kang asor banget derajate nalika jaman semono. Mula saka alesan kasebut, ndadekake wanita kususe wanita Tionghoa gampang banget dilecehake dening wong lanang. Apa maneh massa sing akeh-akehe wong lanang kuwi nesu marang wong Cina sugih kaya kulawargane Wijaya. Kahanan sing nggambarake yen ora mung Liang sing dirodha peksa, nanging uga ana maneh sing dilecehake bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki :

... Nanging bareng weruh tatu-tatu rada akeh ana ing sakubenge poking pupu, Warmo bisa mbedhek, Wulanjati dirudapeksa sadurunge tokone dijarah. (NER edisi 3, PS-29/1999)

Pethikan ndhuwur bisa didudut yen ora mung Tan Lin Liang sing ngalami pelecehan nalika ana rayahan ing



kutha Jakarta. Wie Siau Lan utawa Wulanjati, anak wadone Wijaya uga dirodha peksa dening massa. Warmo ngerti yen Wulanjati dirodha peksa yaiku saka tatu-tatu sing ana ing awake Wulanjati. Wijaya lan bojone sing ngerti yen anak wadone dirodha peksa dening para massa sing nalika kuwi nesu banget, katon sedhik. Dheweke ora kuwat yen kudu ngawasi anake sing paling ditresnani kuwi nandang kasengsaran. Wulanjati dilecehake nalika dheweke numpak bis arep mulih saka kampus menyang omahe. Pranyata ing dalan ana rayahan gedhen-gedhenan. Wong-wong Cina kaya Wulan sing dadi sasaran.

## 2) **Gegambarane Cerita Jaman Reformasi sajrone Novel 1998**

Novel 1998 anggitane Ratna Indraswari Ibrahim kang nggunakake basa Indonesia iki uga nyritakake ngenani cerita ing jaman reformasi. Kedadeyan-kedadeyan apa wae sing dumadi ing jaman reformasi biyen dicritakake dening pangripta. Ratna nyritakake ngenani cerita jaman reformasi sing dialami dening Putri minangka anak Walikota ing Malang. Bapake Putri asale saka partai sing padha karo presiden Suharto ora seneng marang mahasiswa sing nindakake demo. Kedadeyan-kedadeyan ing jaman reformasi sing dirembug yaiku ngenani kahanane bangsa Indonesia, karusuhan, lan tumindak degsiya.

### **Kahanane Bangsa Indonesia**

Kahanane bangsa Indonesia sing ayem tentrem, saikine ora bisa dirasakake maneh. Akeh massa sing nganakake demo njaluk supaya pemerintahan ing Indonesia diowahi maneh. Demo sing ditindakake kasebut uga wis wani nggunakake cara-cara sing ala lan mbebayani. Kahanane sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

... Cerita tentang 27 Juli 1996 dimunculkan lagi dengan rinci. Cerita tentang pembantaian-pembantaian di kantor PDI diceritakan kembali. Keadaan seperti itulah yang kita alami sekarang ... (Ibrahim,2012:176)

(... Cerita ngenani 27 Juli 1996 bali dikatonake maneh. Cerita ngenani paten-patenan ing kantor PDI uga dicritakake maneh. Kahanane kaya mangkono sing kita rasakake saiki ...)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa dideleng yen kahanane masyarakat Indonesia bali maneh kaya biyen. Nalika massa padha nganakake demo lan nindakake kadurjanan ing kantor PDI. Kahanane sing kaya mangkono diambali maneh dening bangsa Indonesia.

Bisa dimangerteni yen bangsa Indonesia saiki lagi nandang kasengsaran. Kasengsaran amarga saka polahe para pemimpin kang ora gelem mangerteni kahanane rakyat. Mula saka kuwi masyarakat wis padha wani nganakake demo kanthi cara-cara kang keras. Rerembugan apik-apikkan antarane rakyat lan pemimpin sing wis dilakoni ora ana asile. Mula lumantar cara-cara sing keras kasebut diajab supaya apa sing dadi penjaluke rakyat bisa dituruti dening pemerintah.

Ngancik taun 1998, pemerintahan sing dipimpin dening Suharto kasebut ngalami reribetan sing ora ana entek. Masyarakat Indonesia utamane saka kalangan mahasiswa wis padha nyadari yen sasuwene iki mung dadi bonekane Suharto wae. Kahanane kasebut cundhuk marang pethikan ing ngisor iki :

“Ada apa sih ini, Ma? Apakah demonstrasi adalah gunung es bagi situasi politik di negeri ini? Teman-teman bilang, selama tigapuluh tahun lebih kita ini adalah tawanan.” (Ibrahim,2012:29)

(Ana apa ta, Ma? Apa demonstrasi iki kayang gunung es kanggo kahanane politik ing negara iki? Kanca-kanca kandha yen sasuwene telungpuluh taun luwih awak dhewe dadi tahanan)

Kaloro pethikan kasebut nuduhake yen kahanane bangsa Indonesia kususe kahanane politik ora bisa dibedhek. Pethikan kasebut cecaturan antarane Putri lan kanca-kancane sing padha mahasiswane. Miturut kanca-kancane Putri, pemerintahan sing dipimpin dening Suharto mulang masyarakat supaya manut wae marang apa sing wis dadi keputusan wong ndhuwurane. Masyarakat mung bisa mbisu nrima sekabehane kahanane sing ndadekake kasengsaran. Saka kahanane sing kaya mangkono, Suharto bisa tumindak sekarepe dhewe tanpa mikir nasib rakyat.

### **Karusuhan**

Rakyat Indonesia wis ora kuwat maneh marang apa sing wis ditindakake dening pemerintah nalika jaman semono. Rerembugan kanthi apik-apikan ora ngasilake apa-apa. Mula rakyat Indonesia kususe para mahasiswa nuntut supaya ana owah-owahan tumrap pemerintahan lumantar demo. Protes saka rakyat lumantar demo kasebut dirasa bisa antuk kasil kaya apa sing dikarepake dening sekabehane wong ing Indonesia. Kahanane ngenani demo sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki :

“... Demo semakin marak di Malang dan bisa jadi salah satu penggeraknya adalah teman-temanmu itu...” (Ibrahim,2012:36)  
(... *Demo tansaya ndadi ing Malang lan bisa uga sing dadi letuane yaiku kanca-kancamu kuwi ...*)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa didudut yen demo wis akeh kedadeyan ing kutha Malang. Pethikan ing ndhuwur minangka rembugan antarane Putri lan Suwarno, bapake. Suwarno sing dadi Walikota ing Malang ngrasakake yen akeh demo sing ditindakake dening mahasiswa sing ora liya yaiku kanca-kancane Putri dhewe. Suwarno uga ngrasa kangelan ngatasi demo gedhe-gedhenan kasebut. Minangka pawongan kang wigati ing kutha Malang, dheweke durung bisa nuruti panjaluk saka para mahasiswa kasebut.

Para mahasiswa kasebut nganakake demo nuntut supaya Presiden Suharto lengser saka jabatane lan mbubarake pemerintahan *Orde Baru*. Pemerintahan *Orde Baru* sing dipimpin dening Suharto dirasa nggawe sengsarane rakyat. Mula saka alesan kasebut para mahasiswa wani nganakake demo. Kahanan sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki :

Langkah mereka terhenti! Sekitar lima sampai tujuh mahasiswa membawa poster menuntut Suharto turun dari tampuk kepresidenan ... (Ibrahim,2012:10)  
(*Lakune leren! Kira-kira lima nganti pitu mahasiswa nggawa tulisan nuntut supaya Suharto lengser saka jabatane ...*)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen kahanan ing jaman semono rusuh banget amarga para mahasiswa padha nganakake protes nuntut supaya pemerintahan ing Indonesia diowahi. Pemerintahan sasuwene iki dirasa nyengsarake rakyat. Mula saka kuwi, mahasiswa padha demo nggawa tulisan supaya Suharto lengser saka jabatane sasuwene telungpuluh taun luwih. Kanca-kancane Putri ing kampus wis ora kuwat maneh yen ta kudu ndeleng kahanane masyarakat Indonesia. Masiya Putri dhewe ngrasa yen kahanan nalika kuwi rusuh banget, nanging dheweke uga sarujuk marang apa sing ditindakake dening kanca-kancane kasebut.

### **Tumindak Degsiya**

Ing novel *1998* iki uga nyritakake ngenani tumindak degsiya sing pancene sengaja ditindakake dening aparat. Salah sawijining tumindak degsiya sing dimaksud yaiku akehe para massa kang padha dicekel lan dikunjara nalika nganakake demo ing Jakarta. Kahanan sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki :

“... ketika Heni meneleponnya dan berkata seperti hampir menangis, “kau

sudah mendengar kabar? Marzuki ditangkap ketika demo!”  
(Ibrahim,2012:70)

(... *nalika Heni nilpun lan kandha kaya arep nangis, “awakmu wis ngerti kabar?*

*Marzuki dicekel nalika demo!*”)

Pethikan kasebut nuduhake yen salah sawijining kancane Putri kang aran Marzuki dicekel dening aparat nalika nganakake demo ing Jakarta. Sabanjure dheweke dikunjara ana LP Cipinang ing Jakarta. Marzuki sing aktivis kasebut kerep melu demo-demo kang ditindakake dening kanca-kancane. Nanging apese, nalika demo ing Jakarta dheweke ditangkap banjur dikunjara dening aparat. Putri lan kanca-kancane ngupayakake supaya Marzuki bisa metu saka pakunjaran. Ana pakunjaran Putri lan kanca-kancane ora bisa langsung kepthuk Marzuki, nanging kudi dipriksa luwih dhisik dening pulisi. Sabanjure dipriksa, dheweke kabeh lagi bisa mlebu ana ing LP. Putri lan kanca-kancane sedhih ngawasi kahanane Marzuki saiki. Marzuki sing biyasane cengengesan nalika ing kampus, saikine dadi meneng tanpa kakehan guneman. Kaya-kaya Marzuki wis kapok nindakake demo sasuwene iki.

Tumindak degsiya liyane yaiku aparat negara uga wani mateni massa kang nindakake demo. Ora trima mung dicekel lan dikunjara, nanging aparat uga wani mbedhil massa sing nuntut anane keadilan tumrap rakyat Indonesia. Apa sing ditindakake dening aparat negara kasebut, nambahi kisruhe jaman semono. Kahanan sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki :

“... kabarnya ada demo besar-besaran. Empat orang tewas ditembak aparat...”  
(Ibrahim,2012:96)  
(... *kabare bakal ana demo gedhe-gedhenan. Wong papat wis mati divedhil dening aparat ...*)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa dideleng yen anane kurban nalika demo nuntut keadilan marang pemerintah. Pethikan ing ndhuwur minangka tulisan ing salah sawijining pawarta. Massa kang nindakake demo gedhe-gedhenan ora trima mung dicekel lan dikunjara wae. Nanging aparat negara uga wani mbedhil pawongan sing dianggep nggawe gara-gara kasebut. Kahanan sing kaya mangkono kudune ora bisa ditindakake dening aparat negara. Aparat negara nduweni tugas kanggo menehi rasa aman tumrap rakyat Indonesia. Nanging ing jaman semono, aparat negara kaya dene pulisi luwih manut marang pemerintah sing weneh perintah kang asipat kliru. Aparat negara dhewe uga wedi yen ora nglakoni apa sing dikongkon dening para pemimpin bakale antuk



ukuman. Bisa wae jabatan sing sasuwene iki diduweni uga lengser.

### 3) Wujud Bandhingan Cerita Jaman Reformasi ing cerbung *NER* lan novel 1998 kang Gegayutan karo Unsur Tekstual lan Pengaruh

Wujud bandhingan saka rong karya sastra kasebut kanthi nggunakake cara *tekstual*, bisa dideleng saka analisis ing ngisor iki:

#### Paraga Utama

Paraga utama sajrone cerbung *NER* yaiku Wie Siau Lan utawa jeneng Jawane Wulan. Dheweke saka etnis Tionghoa lan dadi kurban saka massa sing nganakake demo. Dene novel 1998 paraga utamane yaiku Putri anak saka salah sawijining pemimpin. Putri wong Jawa asli, nanging gaya uripe antuk pangribawa saka wong kang urip ing Manca.

#### Motif Paraga Utama

Motif Paraga Utama sajrone cerbung *NER* yaiku paraga utawa kepengin mlayu saka ricuhe kutha Jakarta utawa mlayu saka massa sing nindakake demo. Dene motif Paraga Utama sajrone novel 1998 yaiku kepengin melu demo supaya Presiden Suharto lengser saka jabatane lan mbubarake Pemerintahan *Orde Baru*.

#### Status Sosial Paraga Utama

Status sosial paraga utama sajrone cerbung *NER* yaiku bakul nanging saka etnis Tionghoa. Wulan lan kulawargane kagolong kang nomer 2 yaiku golongan para bakul. Wulan lan kulawargane nyambut gawe bakulan ana ing Glodok, Jakarta. Dene status sosial paraga utama sajrone novel 1998 yaiku kagolong pegawe kang nyambut gawe ana ing kantor pemerintahan.

Andharan ing ndhuwur saka aspek *tekstual*. Dene saka aspek *pengaruh* bisa dideleng yen cerbung *NER* anggitane Esmiet awèh daya pangaribawa tumrap laire novel 1998 anggitane Ratna Indraswari Ibrahim. Daya pangaribawa sing dimaksud yaiku babagan sudut pandang ngonceli cerita jaman reformasi. Kanthi sudut pandang sing beda kanggo ngonceli cerita jaman reformasi, rong karya sastra iki katon njangkepi siji lan sijine babagan kahanan nalika jaman reformasi biyen. Bisa diarani yen kaloro pangripta karya sastra iki ngalami kawin silang sajrone ngripta karya sastra sing ngrembug ngenani cerita jaman reformasi iki. Kahanan kasebut dumadi saka pinter lan kreatif pangripta kanggo ngripta karya sastra.

#### PANUTUP

#### DUDUTAN

Anane studi sastra bandhingan minangka *disiplin* studi sastra isih anyar, mula *disiplin* iki diarani ora

populer. Senajan prakteke wis akeh para panaliti sing nggawe panaliten ngenani sastra bandhingan, nanging ngelmu ngenani sastra bandhingan iki durung antuk kawigaten kang mligi. Masiya sastra bandhingan ora bisa narik kawigaten kanggo diteliti, nanging miturutku studi sastra iki wigati banget. Amarga saka nliti sastra bandhingan, kita bisa mangerteni pambeda antarane kaloro sastra utawa luwih lan bisa mangerteni daya pangaribawa antarane sastra siji lan sijine.

Cerita ngenani jaman reformasi kagolong cerita kang wigati lan mirunggan amarga nduweni sesambungan sejarah Indonesia. Amarga wigatine kahanan ing jaman reformasi nyebabake tuwuhe karya sastra Indonesia lan uga ing sastra Jawa kang ngrembug babagan kasebut. Ing sastra Jawa, Esmiet minangka pangripta kang produktif uga ora keru ngripta karya kang ngrembug ngenani cerita jaman reformasi. Karya sastra anggitane Esmiet sing ngrembug ngenani cerita jaman reformasi yaiku cerbung *Ngudang Esemé Rembulan (NER)* kang kapacak ana ing kalawarti Panjekar Semangat taun 1999. Ing sastra Indonesia uga ora keru, Ratna Indraswari Ibrahim minangka pangripta wadon kang ngripta karya sastra sing ngrembug ngenani kahanan era reformasi. Ratna ngripta novel kanthi irah-irahan 1998 ing taun 2012. Rong karya sastra iki padha-padha ngrembug ngenani kahanan era reformasi nanging kaloro karya sastra iki nuduhake ciri khas dhewe-dhewe anggone nyritakake. Mula saka kuwi, rong crita iki bakal dionceki nggunakake tintingan sastra bandhingan.

Kanthi cara *tekstual* bisa dimangerteni yen Cerbung *NER* anggitane Esmiet iki pranyata beda banget karo novel 1998 anggitane Ratna Indraswari Ibrahim. Wujud pambedane yaiku saka aspek paraga utama, motif paraga utama lan status sosial paraga utama. Pranyata yen diwaca kanthi teliti rong karya sastra iki pancen nyritakake babagan sing ora padha, kamangka nggunakake settingan sing padha yaiku jaman reformasi. Dene kanthi unsur *pengaruh*, pranyata cerbung *NER* awèh daya pangaribawa tumrap laire novel 1998. Daya pangaribawa sing dimaksud yaiku Ratna antuk ide saka karyane Esmiet kanggo ngripta karya sastra sing nduweni setting kang padha. Esmiet nyritakake cerita jaman reformasi saka sudut pandange etnis Tionghoa, dene Ratna nyritakake cerita jaman reformasi saka sudut pandange etnis Jawa. Dadi rong karya sastra iki njangkepi cerita ngenani jaman reformasi.

#### Pamrayoga

Rong karya sastra kang ngrembug ngenani cerita jaman reformasi bisa kanggo neglingake para maos supaya ora nglalekake kahanan sing wigati tumrap

bangsa Indonesia. Panliten iki nambah pangrembakane sastra bandhingan sing ana ing Indonesia. Masiya sastra bandhingan dianggep minangka salah sawijining studi sastra sing ora narik kawigaten. Tumrap donyane pendhidhikan muga bisa dadi kawruh tumrap siswa lan mahasiswa mligine babagan sastra bandhingan.

Yusuf H, Asep. 2007. *Metode Penelitian Sastra*, Modul. Bandung: Unpad.

### Kapustakan

Abdullah, Ahmad Kamal. 1994. *Kesusasteraan Bandhingan dalam Perbincangan*. Kuala Lumpur: Dewan Bahasa dan Pustaka Kementerian Pendidikan Malaysia.

Aminudin. 1987. *Pengantar Karya Sastra*. Bandung: PT. Sinar Baru Algesindo

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Sastra Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.

Damono, S. Djoko. 2005. *Pegangan Penelitian Sastra Bandhingan*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.

Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode Penelitian Sastra: (Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi)*. Yogyakarta: Center for Academic Publishing Service.

Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra Bandhingan*. Jakarta: bukupop.

Faruk. 2010. *Pengantar Sosiologi Sastra (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.

Harjana, Andre. 1994. *Kritik Sastra Sebuah Pengantar*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.

Hutomo, Suripan Sadi. 1993. *Merambah Matahari: Sastra dalam Perbandhingan*. Surabaya: Gaya Masa.

Ibrahim, Ratna Indrawari. 2012. 1998. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.

Kutha Ratna, Nyoman. 2010. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Jakarta: Pustaka Pelajar.

Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: PN Balai Pustaka.

Liotohe, Wimanjaya K. 1998. *Soeharto*. Jakarta: Upaya Warga Negara.

Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

Novanto, Setya. 1999. *Manajemen Presiden Suharto (Penuturan 17 Menteri)*. Jakarta: Yayasan Bina Generasi Bangsa.

Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Pradopo R. Djoko. Dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: PT. Hanindita Warga Widya.

Rozak, Abdul Zaidan dkk. 1994. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: Balai Pustaka.

Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.

Wellek, Rene dan Austin Werren. 1995. *Teori Kesusasteraan*. Jakarta: Gramedia